



## AVI KONT DISKRIMINASYON DAPRE SEKSYON 504

### DEKLARASYON SOU REGLEMAN

Se regleman Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (New York City Department of Education, NYCDOE), dapre seksyon 504 Lwa 1973 sou reyabilitasyon (seksyon 504), pou yo pa retire ni refize avantaj ni fè diskriminasyon kont okenn moun ki gen andikap ki kalifye nan okenn pwogram oswa aktivite DOE patwone. Y ap respekte dwa sou konfidansyalite moun ki gen andikap yo genyen.

Regleman Chanselye (Chancellor's Regulation) [A-710](#) tabli regleman ak pwosedi DOE, tankou pwosedi pou pote plent, pou elèv ki nan lekòl ak pwogram DOE ki se moun ki gen andikap ki kalifye jan yo defini l. Seksyon 504 epi ki gen bezwen akomodasyon pou yo ka patisipe nan pwogram ak aktivite DOE. Kontakte kowòdonatè 504 lekòl la oswa direktè a, oswa voye yon imèl nan [504Questions@schools.nyc.gov](mailto:504Questions@schools.nyc.gov), si w gen kesyon oswa enkyetid pou yon elèv gen aksè nan yon pwogram oswa yon aktivite DOE oswa nan yon pwogram aktivite anplis ki pa fè pati kourikoulòm DOE a.

Regleman Chanselye [A-830](#) tabli regleman ak pwosedi DOE kont diskriminasyon, tankou pwosedi pou pote plent, pou anplwaye, paran elèv, elèv ak lòt moun ki fè biznis ak DOE, ki itilize lokal DOE oswa ki fè entèaksyon avèk DOE.

Voye kesyon ou genyen konsènan dwa oswa pwosedi seksyon 504 pou **elèv** nan:

Pou Paran ak Responsab:

Section 504 Program Manager Office of School Health  
42-09 28<sup>th</sup> Street, CN-25  
Queens, NY 11101  
(718) 786-5041  
[504Questions@schools.nyc.gov](mailto:504Questions@schools.nyc.gov)

Resous ekstèn :

U.S. Department of Education Office for Civil Rights  
32 Old Slip, 26th Floor  
New York, NY 10005-2500  
(646) 428-3900  
<http://www.ed.gov/>

Revize an Septanm 2021

OFFICE OF LEGAL SERVICES • 52 CHAMBERS STREET • RM 308 • NEW YORK, NY 10007  
Telefòn: (212) 374-6888 • Fax (212) 374-5596